



## Poze aksyon pou evite degèpisman



Sispansyon Degèpisman  
CDC



Anpeche degèpisman  
poutèt ou pa peye



Sèvis ak Resous



### Sispansyon Degèpisman CDC (Ki ap ekspire 31 Jiyè 2021)

#### ➤ Ranvwaye degèpisman poutèt lwaye ki pa peye

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) te pibliye yon òdonans pou anpeche COVID-19 la simaye. Òdonans lan, ak ekstansyon pou òdonans lan, sispann tanporèman degèpisman poutèt yon lwaye ki pa peye sòti 4 Septanm 2020 rive 31 Jiyè 2021, nan mezi kote Tribinal pou Òdonans Federal la pa entèdi aplikasyon li. Lè li aplike, pwoteksyon kont degèpisman CDC a kapab ranvwaye yon degèpisman poutèt yon lwaye ki pa peye MEN PWOTEKSYON YO PA OTOMATIK!! Pou konnen si ou kalifye pou pwoteksyon kont degèpisman, konsilte Deklarasyon CDC a epi gade videyo anba a:

- ✓ Deklarasyon anglè: [https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/EvictionDeclare\\_d508.pdf](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/EvictionDeclare_d508.pdf)
- ✓ Tradiksyon Deklarasyon an disponib an Amarik (አማርኛ), Haitian Creole (Kreyòl Ayisyen), Hindi (हिंदी), Ris (Русский), Somali (Soomoali), Panyòl (Español), Chinwa Tradisyonèl (簡體字)  
[https://www.hud.gov/program\\_offices/public\\_indian\\_housing/covid\\_19\\_resources/rdf\\_other\\_languages](https://www.hud.gov/program_offices/public_indian_housing/covid_19_resources/rdf_other_languages)
- ✓ Videyo ki pou ede ou konprann si ou kalifye: <https://www.youtube.com/watch?v=oODmNuXazqg>

Si ou kalifye pou pwoteksyon kont degèpisman CDC, ou dwe li epi siyen Deklarasyon an epi bay PHA ou li (si ou ap viv nan yon lojman piblik) oswa pwopriyetè ou a (si ou se yon patisipan nan yon pwogram Bon). Ou kapab fè sa a pa lapòs, imèl, faks, oswa an pèsòn. Kenbe yon kopi deklarasyon ou an pou dosye ou yo.

#### ➤ Sispansyon Degèpisman CDC a pa pèmèt yo padone ou pou lwaye a

- ✓ Akoz lwa federal yo, PHA a pa kapab padone ou pou lwaye ki pa peye a.
- ✓ Si ou kalifye pou yon Sispansyon Degèpisman CDC, sonje ou toujou dwe lwaye a epi nenpòt montan lwaye ki pa peye ap kontinye monte si ou pa peye l.
- ✓ Kontinye li pou konnen ki resous ki disponib pou anpeche yon degèpisman apre 31 Jiyè 2021.

#### ➤ Pou moun ki aktyèlman kalifye pou Pwoteksyon kont degèpisman CDC - Chanjman yo ap kòmanse 1ye Out 2021:

- ✓ Sof si gen yon sispansyon ofisyèl (moratwa) ki pi long pou degèpisman ki rantrè anvigè dapre lwa lokal oswa nan eta a, PHA oswa pwopriyetè ou a kapab degèpi ou si ou pa peye lwaye a oswa si ou pa konkli sou yon antant pou ranbousman, si pwopriyetè oswa PHA a ofri yon antant pou ranbousman.
- ✓ Lwa Federal la egzije yon avi degèpisman 30 jou pou lwaye ki pa peye, men lwa eta a oubyen lwa lokal la kapab egzije yon dèle avètisman ki pi long toujou.





## Anpeche degèpisman pou lwaye ki pa peye – Poze aksyon sa yo

- **Resètifye Revni ou.** Si ou te gen yon revni ki ap diminye oswa yon chanjman nan sikonstans ou yo, mande PHA ou a pou resètifye revni ou a.
  - ✓ PHA ap analize revni aktyèl ou a epi li ap ajiste lwaye ou a pou li reflekte chanjman an.
  - ✓ **Konsèy!** Si yo pa t rapòte chanjman revni a byen rapid, mande PHA a politik li sou ajisteman retwoaktif pou lwaye (gen kèk ki ka otorize yo, genyen ki ka pa fè l).
  - ✓ Si ou te gen difikilte finansyè, mande PHA a si ou kalifye pou yon dispans lwaye minimòm pou difikilte finansyè.
- **Peman Fòfetè.** Ou kapab peye lwaye anreta a nan yon montan fòfetè apati 31 Jiyè 2021.
  - ✓ **Konsèy!** Peman pou relans ekonomik, \$300 pa semèn oswa peman “Anplis” pou moun ki nan chomaj pandan COVID la, ranbousman taks sou revni, ak peman kredi enpo pou timoun pa t nan kalkil revni ou a pou ane a epi ta kapab itilize kòm resous pou ede ou nan lwaye ki pa peye ou a.
  - ✓ Si w pa t resevwa yon peman pou relans ekonomik, tanpri ale sou paj wèb sa a pou tcheke nan ki nivo peman w lan ye epi pou ranpli yon fòm ki senp: <https://www.irs.gov/coronavirus/get-my-payment>.
- **Pwogram Èd pou Lwaye Annijans (Emergency Rental Assistance Program, ERAP).** Si ou dwe lwaye anreta epi gen risk pou yo degèpi w ou ka kalifye pou yon nouvo èd pou lwaye. Enfòmasyon konsènan pwogram sa a disponib la: <https://home.treasury.gov/policy-issues/cares/emergency-rental-assistance-program>. Egzekisyon ak priyorite yo varye selon eta oswa lokalite a.
- **Resous Lokal.** PHA ou a ka konnen lòt resous ki pou ede ou ak pwoblèm lwaye ou a, sèvis piblik ak lòt bezwen debaz.
  - ✓ Rele 211 oswa vizite [211.org](http://211.org) pou jwenn enfòmasyon sou èd finansyè annijans.
  - ✓ **Kontinye li pou jwenn yon lis resous ki disponib pou ou.**
- **Akò pou ranbousman.** Si ou pa kapab peye lwaye anreta ou a tousuit, mande PHA oswa pwopriyetè ou a (si ou se yon patisipan nan pwogram Bon an) si ou kapab jwenn yon **akò ranbousman** pou nenpòt lwaye ou pa t peye.
  - ✓ Antant ki konkli sou peman dèt lwaye a ap fèt selon desizyon PHA a oswa li ap fèt selon desizyon pwopriyetè a.
  - ✓ Patisipan nan pwogram lojman piblik yo: y ap dekri kondisyon akò ranbousman an nan Politik Admisyon ak Okipasyon ki ap Kontinye (Admission and Continued Occupancy Policy, ACOP) epi nan akò ranbousman ki alekri a.
  - ✓ Patisipan nan pwogram bon an: ap bezwen negosye ak pwopriyetè yo a dirèkteman pou yo kapab detèmine kondisyon pou akò ranbousman an.
- **Dwa lokatè ak Degèpisman ki pa byen fèt.** Si ou santi fason yo mande ou pou ou sòti nan lojman an pa kadre ak sa lalwa di, kontakte òganizasyon legal ki bay èd nan lokalite ou a oswa ajans sèvis sosyal yo.
  - ✓ Patisipan nan lojman piblik: ou gen dwa ak yon pwosedi pou rezoud pwoblèm yo jan sa di nan kontra lokasyon ou a.
  - ✓ Patisipan nan pwogram bon an: ou ka kontakte PHA tou ki nan lokalite ou a.
  - ✓ **Konsèy!** Enfòmasyon anplis sou **asistans jiridik ki disponib nan zòn ou a** disponib nan Kòporasyon pou sèvis jiridik (Legal Services Corporation) (<https://www.lsc.gov/what-legal-aid/find-legal-aid>), ACL Elder Care Locator (<https://eldercare.acl.gov/Public/Index.aspx>), ak LawHelp.org (<https://www.lawhelp.org/>).<sup>1</sup>
- **Kontakte HUD pou siyale yon diskriminasyon.** Si ou panse ou te viktim diskriminasyon, HUD ankouraje ou depoze yon plent nan telefòn oswa anliy.
  - ✓ Rele: 1-800-669-9777
  - ✓ Anliy: [https://www.hud.gov/program\\_offices/fair\\_housing\\_equal\\_opp/online-complaint](https://www.hud.gov/program_offices/fair_housing_equal_opp/online-complaint)

<sup>1</sup> HUD bay lyen sa yo sèlman pou konesans ou. HUD pa evalye epi pa apwouve sit wèb sa yo.



## Sèvis ak Resous ki gen rapò ak COVID yo mete disponib pou ou

HUD bay plizyè resous nan dokiman sa a sèlman pou konesans ou. HUD pa evalye epi pa apwouve sit wèb sa yo.

- **Sant Resous pou Enfòmasyon HUD:** pou jwenn enfòmasyon jeneral konsènan pwogram HUD voye yon imèl nan [HUD-PIHRC@ArdentInc.com](mailto:HUD-PIHRC@ArdentInc.com) oswa rele nan 1.800.955.2232
- **Liy Dirèk Nasyonal kont Vyolans Domestik:** <https://www.thehotline.org> oswa 1 (800) 799-7233 oswa TTY 1 (800) 787-3224 – se yon liy dirèk konfidansyèl ki la pou nenpòt moun ki ap sibi vyolans nan fwaye, ki ap chèche enfòmasyon, oswa ki bezwen poze kesyon sou aspè nan relasyon yo genyen ki ap mal mache. Si ou pa kapab pale nan telefòn, voye yon mesaj tèks bay LOVEIS nan 1 (866) 331-9474 oswa ale sou sit entènèt la pou ou kòmanse yon konvèsasyon anliy.
- **211:** Rele 211 oswa vizite [211.org](http://211.org) epi fè yon rechèch apati kòd postal. Se yon liy dirèk ki kapab konekte ou avèk yon èd annijans, tankou yon èd pou lokasyon ak sèvis piblik, ak lòt sèvis èd ki nan kominote ou a. Tout apèl yo konfidansyèl, ou kapab bay apèl enkonfi, epi moun ki rele yo kapab mande sèvis tradiksyon pou 180 lang.
- **Asirans pou moun ki nan chomaj:** [www.usa.gov/unemployment](http://www.usa.gov/unemployment) – Chache konnen si ou kalifye pou avantaj chomaj epi kòman pou ou aplike nan Eta ou a. Nan nouvo lwa federal la genyen pwovizyon ki fèt pou alokasyon chomaj pou travayè endepandan yo ak pou travayè tanporè yo, **yo ajoute \$300 sou alokasyon chomaj yo bay chak semèn nan**, epi yo pwolonje kantite semèn avantaj yo disponib. Mete sou sa, yo bay eta yo pèmasyon pou yo bay nouvo alokasyon chomaj ki genyen rapò ak COVID-19 la, espesyalman lè yon moun kite travay li akòz risk li genyen pou li menm kote ak moun ki enfekte oubyen lè li kite li akòz risk li genyen pou li enfekte oubyen lè li kite li pou li kapab pran swen yon manm nan fanmi li; lè genyen yon patwon ki sispann fonksyone tanporèman akòz COVID-19 la, sa ki vle di anplwaye yo pa kapab ale travay; oswa lè genyen yon moun ki an karantèn men ki espere tounen al travay lè moman karantèn nan fini.
- **Peman pou yon enpak ekonomik (Peman pou relans ekonomik):** <https://www.irs.gov/coronavirus/get-my-payment> Chache konnen si ou kalifye pou ou jwenn nouvo peman pou Enpak Sou Ekonomi a jiska **\$1,400** epi kòman pou reklame peman ou a. Si ou potko resevwa dènye peman pou relans ekonomik la (yo te bay premye ak dezyèm seri a an 2020 ak janvyè 2021), sit sa a gen enfòmasyon tou sou fason ou kapab verifye elijibilite w epi reklame peman sa yo.
- **Preparasyon gratis pou enpo ak Nouvo kredi enpo pou timoun:** <https://www.irs.gov/individuals/free-tax-return-preparation-for-qualifying-taxpayers> – Jwenn èd gratis pou ou kapab ranpli deklarasyon revni ou nan men volontè ki genyen fòmasyon pou fè sa, oswa ranpli li gratis anliy. Si ou pa gen abitud ranpli yon deklarasyon enpo epi ou gen timoun, ou dwe konsidere ranpli li ane sa a konsa ou kapab kalifye pou nouvo kredi enpo pou timoun. Yon nouvo lwa federal te ogmante kredi enpo pou timoun jiska \$3,000 pou chak timoun ki gen 6 lane oswa plis epi \$3,600 pou chak timoun ki gen mwens pase 6 lane. **Yo ka voye peman chak mwa yo bonè depi nan ete sa a, men fanmi yo dwe ranpli yon deklarasyon enpo pou resevwa fon yo.** Dat limit pou ranpli pou 2020 se 17 Me 2021
- **Liy Asistans pou Detrès Apre Katastwòf:** 1 (800) 985-5990 (rele oswa voye mesaj tèks) – se yon liy dirèk nasyonal ki la pou bay moun konsèy nan noman kriz pou moun ki boulyèse sou plan emosyonèl akòz nenpòt katastwòf, li gen ladan I COVID-19.
- **Ajans pou Aksyon Kominotè:** <https://communityactionpartnership.com/find-a-cap/> – kontakte Ajans pou Aksyon Kominotè lokal ou a pou ou kapab konnen ki sèvis yo ka ofri ou, tankou èd pou peman annijans pou lwaye oubyen èd pou sèvis piblik.
- **Èd Nan Peye Fakti:** [www.usa.gov/help-with-bills](http://www.usa.gov/help-with-bills) Jwenn enfòmasyon sou pwogram gouvènman an ki ede peye sèvis telefòn, fakti enèji ak lòt depans.
- **Elijibilite pou avantaj:** [www.benefits.gov](http://www.benefits.gov) - Jwenn enfòmasyon sou avantaj gouvènman ou ka elijib pou yo, tankou Èd Tanporè pou fanmi ki nan bezwen (Temporary Assistance for Needy Families, TANF), Asistans pou Manje, ak swen sante.
- **Enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19:** <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/> – Jwenn enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19, li gen ladan I fason li efikas, si li sekirite, epi kòman ou kapab jwenn youn.
- **Resous Edikatif:** <https://bealearninghero.org/parentstrong-2/> – Jwenn resous edikatif epi sipò pou paran ki ap ede timoun yo aprann lakay yo oswa ki sèlman bezwen resous edikatif anplis pou timoun yo.